

Bhaibheri re vana  
Rikukupai

Jakobho  
Munyengeri



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes  
Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus  
Rakatorwa na: M. Kerr; Sarah S.  
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova  
Rakabudiswa na: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

BFC  
PO Box 3  
Winnipeg, MB R3C 2G1  
Canada

©2014 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana  
usinganotengesi chete.






Mwari akambotumira  
mwana here kumhuri  
yenyu? Zvinofadza  
sei! Isaka  
naRabheka vakafara  
zvikuru. Mwari  
akanga achavapa  
mapatya.



Vana vakasundana  
mukati maRabheka.  
Paakanamata,  
Mwari akataura  
kuti vanakomana  
vake vaviri  
vachatungamira  
ndudzi  
mbiri  
dzakasiyana-mukuru  
achashumira muduku.  
Nguva zhinji, mukuru  
aitungamirira muduku.  
Mushure menguva  
vana vakazvarwa.



Mapatya aya akanga asina kufanana. Esau,  
mukomana mukuru, akange aine mvere  
zhinji uye akava muvhimi aigona. Jakobho  
akanga aine ganda rakanaka uye akada  
kushanda pamusha. Baba Isaka vakanga  
vaine rudo kuna Esau. Amai vaida  
Jakobho.



Rimwe zuva, Esau akanga ava nenzara. Akati kuna Jakobho, "Ndipewo chokudya." Jakobho akati, "Chimbonditengesera udangwe hwako." Esau akanga asina hanya nechitsidzo



chaMwari kuna vana vokutanga kuzvarwa. Akabvumirana naJakobho. Naizvozvo, Jakobho akanga achatungamirira mhuri mushure mokunge baba vashayika.




Umwe husiku, Mwari akataura  
naIsaka. Akati, "Ndini Mwari  
vababa vako Abhurahama. Ndinewe.  
Ndicharopafadza dzinza rako."



Isaka ainamata Mwari asi Esau  
mwanakomana wake akaroora vakadzi  
vaviri verudzi rwamaHeti. Rudzi urwu  
rwakanga rwusina hanya naMwari.







Isaka akachembera. Akati kuna Esau, "Ndivigire nyama yakanaka ndizokuropafadza." Ropafadzo iyi yakanga iri pakati pababa nemwanakomana wekutanga. Esau akamhanya kunovhima. Asi Rabheka akanzwa zvavakanga vachitaura. Akanga achida kuti Jakobho aropafadzwe.





Rabhaka akange aine zano. Akakurumidza kubika chikafu chaidiwa naIsaka, Jakobho achibva apfeka hembe dzaEau nemvere dzemhuka pamaoko zvese nepahuro. Isaka akange asingaoni zvakanaka. Zvichida vaikwanisa kumunyengera.



Jakobho akaendesera  
Isaka chikafu. Isaka  
akati, "Inzwi, inzwi  
raJakobho asi maoko,  
maoko aEsau." Achinge  
apedza kudya, Isaka  
akaropafadza mwana  
akanga akapfugama  
pamberi pake.





Jakobho achinge aenda, Esau akauya kuna Isaka akati, "ndauya nechikafu chokudya." Isaka akaziva kuti akanga anyengerwa. Akachema akati, "Handikwanisi kushandura ropafadzo." Moyo waEsau wakazara noruvengo. Akafunga kuuraya Jakobho.



Rabheka akanzwa zvakanga zvataurwa naEsau.  
Akati kuna Jakobho, "Enda kumba kwasekuru vako  
kusvika mukoma wako akangawa  
zvawaita." Isaka akabvuma kuti  
Jakobho anotsvaga mukadzi  
pakati pehama dzaamai vake.  
Jakobho akaenda.




Kuzoti avamanheru,  
Jakobho akamira  
kuti arare,  
ndokutsamira  
musoro wake  
padombo. Asi  
akanga asiri  
ega. Mwari  
akataura  
naye  
kuhope.



"NDINI MWARI WABABA WAKO  
ABHURAHAMA naISAKA. NDINEWE.  
NDICHAKUPA NYIKA INO. NDUDZI DZOSE  
DZENYIKA DZICHAROPAFADZWA NOKUDA  
KWAKO." Mwari achinge apedza kutaura,  
Jakobho akamuka. Akange achitya.



Sekuru vaJakobho Rabhani  
vakamugamuchira. Jakobho  
akanga achida Rakeri.  
Akashandira Rabhani  
makore manomwe kuti  
akwanise kuroora Rakeri.



Kuzoti  
avamanheru, Rabhani  
akanyengedza Jakobho.





Jakobho haana kufara akati, "Uyu ndiRea kwete Rakeri. Mandinyengera." Rabhani akati, "Mwanasikana mukuru anofanira kutanga kuroorwa. Chindishandira zvakare makore manomwe kuti ukwanise kuroora Rakeri." Jakobho akabvuma. Zvichida akarangira nguva

yaakanga  
anyengera  
Isaka  
naEsau.



Jakobho akanga aine  
vanakomana gumi neumwe  
chete. Makore apfura,  
Jakobho akafunga  
kudzokera nemhuri yake  
kuKenani, kwakanga kuriko  
kuna vabereki vake.




Asi Esau akanga achida kumuuraya. Jakobho aikwanisa here kuenda ikoko? Rimwe zuva, Mwari akamuudza kuti adzokere. Jakobho, mhuri yake nezvipfuwa zvake vakadzokerea kumusha.



Rwakanga ruri  
rwendo refu! Esau  
akauya kuzosangana  
naJakobho navarume  
vana mazana mana.  
Asi haana kuuraya  
Jakobho.



Esau akamhanyira kundosangana naJakobho, akamumbundikira. Jakobho naEsau vakava shamwari zvakare. Jakobho akanga asvika kumba zvakakanaka.



Jakobho Munyengeri

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mavambo 25-33

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130





Magumo



6



60



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari  
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.  
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,  
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye  
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera  
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira  
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!  
Achaya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara  
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti  
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu  
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo  
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye  
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti  
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Amen.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16

